**«ТАСТЫЙЫҚЛАЙМАН»**
**Жәмийетлик комиссия баслығы,**
**Қарақалпақстан Республикасы**
**Жоқарғы Кеңесиниң комитет баслығы**
**_________ Д.Курбаниязов**
**«___» апрель 2021-жыл**

**Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы**
**Социаллық шериклик бойынша жәмийетлик комиссиясының**
**2-санлы мәжилис ПРОТОКОЛЫ**

Нөкис қаласы — 14-апрель 2021-жыл

**Басшылық етти:** **Д.Курбаниязов – Қарақалпақстон Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң комитет баслығы, Жоқарғы Кеңес жанындағы Социаллық шериклик бойынша жәмийетлик комиссиясы баслығы**

**Қатнасты:** **А.Шадманов – Парламент комиссиясы баслығы, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутаты**

**З.Ибрагимова – Парламент комиссиясы ағзасы, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутаты**

**О.Хусанов – Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси жанындағы жәмийетлик фонды директоры**

Жәмийетлик комиссия ағзалары, тийисли министрлик ҳәм мәкемелердиң басшылары, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтлары, ғалаба хабар қураллары ўәкиллери *(дизим бойынша)*

**К Ү Н Т Ә Р Т И Б И :**

1. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 4-марттағы «2021-2025-жылларда Пуқаралық жәмийетин раўажландырыў концепциясын тастыйықлаў ҳаққында»ғы ПП-6181-санлы Пәрманы ҳәм 2021-жыл 3-марттағы «Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерин мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаў, олардың жумысының еркинлигин, ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплериниң қорғалыўын тәмийинлеўге байланыслы қосымша илажлар ҳаққында»ғы ПҚ-5012-санлы қарарының орынланыўын тәмийинлеў туўралы;

2. 2021-жылда мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларының жойбар ҳәм бағдарламаларын мәмлекетлик грантлар ҳәм мәмлекетлик социаллық буйыртпалар тийкарында қоллап-қуўатлаўдың бағдарлары;

3. Жәмийетлик фондтың 2021-жылғы дәраматлар ҳәм қәрежетлер сметасын қарап шығыў, жәмийетлик комиссия ағзаларын исши топарларға бөлиў, мәмлекетлик гранттың биринши таңлаўы бағдарларын ислеп шығыў ҳаққында.

*(Курбаниязов, Шадманов, Ибрагимова, Хусанов ҳәм басқалар)*

Мәжилисти Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Социаллық-мәдений раўажланыў ҳәм жәмийетлик бирлеспелер мәселелери комитети баслығы, Социаллық шериклик бойынша жәмийетлик комиссияның баслығы Д.Курбаниязов ашты ҳәм алып барды.

Мәжилис күн тәртибиндеги мәселелер, яғный Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 3-марттағы «Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерин мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаў, олардың жумысының еркинлигин, ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплериниң қорғалыўын тәмийинлеўге байланыслы қосымша илажлар ҳаққында»ғы қарарының ҳәмде 2021-жыл 4-марттағы «2021-2025-жылларда Пуқаралық жәмийетин раўажландырыў концепциясын тастыйықлаў ҳаққында»ғы Пәрманының мазмуны ҳәм әҳмийети ҳаққында Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасының депутаты, Олий Мажлис жанындағы Парламентлик комиссияның баслығы А.Шадманов, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасының депутаты, Парламентлик комиссия ағзасы З.Ибрагимова кеңнен түсиник берди.

Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси жанындағы Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў Жәмийетлик фонды директоры О.Хусанов 2021-жылда мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларының жойбар ҳәм бағдарламаларын мәмлекетлик грантлар ҳәм мәмлекетлик социаллық буйыртпалар тийкарында қоллап-қуўатлаўдың бағдарлары, Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министри С.Мамбеткадыров Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанынан мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерди ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фонды жумысының ҳуқықый тийкарлары ҳаққында, Финанс министриниң орынбасары Б.Пирниязов фондтың 2021-жылғы дәраматлар ҳәм қәрежетлер сметасы ҳаққында мағлыўмат берди.

Сондай-ақ, мәжилисте Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы Социаллық шериклик бойынша жәмийетлик комиссияның ағзаларын исши топарларға бөлиў ҳаққында, соның менен бирге мәмлекетлик гранттың биринши таңлаўының жөнелислерин ислеп шығыў туўралы мәселелер қарап шығылды.

Мәжилис соңында көрилген мәселелер бойынша жәмийетлик комиссия ағзалары ҳәмде мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтлары ўәкиллери өзлериниң пикир ҳәм усынысларын билдирди.

Мәжилис күн тәртибиндеги мәселелер бойынша жәмийетлик комиссия

**ШЕШИМ ЕТЕДИ:**

1. Күн тәртибиндеги мәселелер бойынша Олий Мажлис жанындағы Парламент комиссиясы баслығы А.Шадмановтың, Парламент комиссиясы ағзасы З.Ибрагимованың, Олий Мажлис жанындағы Жәмийетлик фонды директоры О.Хусановтың пикир ҳәм усынислары, Әдиллик министри С.Мамбеткадировтың, Финанс министриниң орынбасары Б.Пирниязовтың мәлимлемеси мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтлары қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фондының 2021-жылғы дәраматлар ҳәм қәрежетлер сметасы 1-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы Социаллық шериклик бойынша жәмийетлик комиссия ҳәмде Жоқарғы Кеңес жанындағы мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фондының жумысын нәтийжели шөлкемлестириў мақсетинде жәмийетлик комиссияның ағзалары 2-қосымшаға муўапық исши топарларға бөлинсин, усы исши топарлар ҳаққындағы Режелер 3-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў, мәмлекетлик уйымлар менен шериклик ҳәм жәмийетлик қадағалаўдың нәтийжели системасын қәлиплестириў бойынша мәлимлеме-таллаў мағлыўматларын таярлаў исши топарына еки ҳәпте мүддетте мәмлекетлик гранттың биринши таңлаўы бағдарларын ислеп шығыў тапсырылсын.

Жуўаплы хаткер (signature) С.Гулимбетов

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңеси жанындағы Социаллық
шериклик бойынша жәмийетлик
комиссиясының 2-санлы
мәжилис протоколына
1-қосымша

**Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерди ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фондының 2021-жылғы дәраматлар ҳәм қәрежетлер сметасы**

*млн. сўмда*

| № | Дәрамат ҳәм қәрежетлер атамалары | 2021-жылда жәми | шереклер | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | I | II | III | IV |
| | Жыл басына қалдық | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 |
| | **ДӘРАМАТЛАР** | | | | | |
| | **Жәми дәраматлар** | **1062,37** | **6,24** | **248,72** | **418,71** | **388,71** |
| 1. | Жергиликли бюджеттен | 1062,37 | 6,24 | 248,72 | 418,71 | 388,71 |
| | **ҚӘРЕЖЕТЛЕР** | | | | | |
| | **Жәми қәрежетлер** | **1062,37** | **6,24** | **248,72** | **418,71** | **388,71** |
| 1. | Жәмийетлик фондтың хожалық қәрежетлери | 62,37 | 6,24 | 18,72 | 18,71 | 18,71 |
| 2. | Мәмлекетлик социаллық буйыртпалар | 600,00 | | 130,00 | 200,00 | 270,00 |
| 3. | Мәмлекетлик грантлар | 400,00 | | 100,00 | 200,00 | 100,00 |

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңеси жанындағы
Социаллық шериклик бойынша
жәмийетлик комиссияның
2-санлы мәжилис протоколына
2-қосымша

**Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы Социаллық шериклик бойынша жәмийетлик комиссияның исши топарларының**

**ҚУРАМЫ**

| № | Ф.А.Ә. | Лаўазымы |
|---|---|---|
| **Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер хәм пуқаралық жәмийети институтларының жумысын жедел раўажландырыў, методикалық хәм басқа да әмелий жәрдемлер көрсетиў бағдарында нормативлик-хуқықый хүжжетлерди ислеп шығыў бойынша Исши топары** | | |
| 1. | Ш.Абдиназимов | Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутаты, Қарақалпақ мәмлекетлик университети жанындағы илим докторы илимий дәрежесин бериўши илимий Кеңестиң баслығы, *Исши топар басшысы* |
| 2. | А.Отеулиев | Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министрлигиниң мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер бөлими баслығы |
| 3. | О.Казакбаев | Қарақалпақстан Республикасы Бәнтлик хәм мийнет қатнасықлары министриниң орынбасары |
| **Мәмлекетлик грант, мәмлекетлик социаллық буйыртпа қаржыларын мақсетли хәм нәтийжели сарыплаўдың мониторингин әмелге асырыў бойынша Исши топары** | | |
| 1. | Э.Дурдиев | Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының жәмийетлик шөлкемлер хәм диний шөлкемлер менен байланыслар бойынша орынбасары, *Исши топар басшысы* |
| 2. | Т.Романов | Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутаты, «Юксалиш» улыўма миллий хәрекети – мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкеминиң Қарақалпақстан Республикасы бөлими баслығы |
| 3. | Х.Ешимбетов | Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутаты, Өзбекстан Халық демократиялық партиясы Қарақалпақстан Республикалық Кеңесиниң баслығы |
| 4. | С.Утемуратова | Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигиниң жергиликли мәмлекетлик хәкимият, мәмлекетлик уйымлар хәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысларын қаржылай тәмийинлеў секторы баслығы |
| 5. | Д.Жолдасов | Өзбекстан Республикасы Саўда-санаат палатасының Қарақалпақстан Республикасы басқармасы баслығы |
| **Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, ғалаба хабар қураллары хәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларының бағдарламасы хәм жойбарларының социаллық хәмде улыўма әхмийетин анықлаў бойынша Исши топары** | | |
| 1. | У.Жалменов | Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Сенаты ағзасы, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутаты, Қарақалпақстан Республикасы Кәсиплик аўқамы шөлкемлери бирлеспеси баслығы, *Исши топар басшысы* |
| 2. | Д.Утамбетов | Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Аграр, суў хожалығы, тәбиятты қорғаў хәм экология мәселелери комитети баслығы |
| 3. | Т.Атамуратов | Республика Руўхыйлық хәм ағартыўшылық орайының Қарақалпақстан бөлими баслығы |
| 4. | С.Турманов | Қарақалпақстан Республикасы Мәхәлле хәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў министри |
| 5. | Қ.Камалов | Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министриниң биринши орынбасары |
| 6. | Лаўазымы бойынша | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң орынбасары |
| **Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерди, ғалаба хабар қураллары хәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў бойынша қарарлар, түсиндириўлер, мәлимлеме-таллаў мағлыўматларды таярлаў хәм олардың жумысын еркинлестириў бойынша Исши топары** | | |
| 1. | А.Данияров | Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Сенаты ағзасы, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Жаслар сиясаты хәм саламат әўладты тәрбиялаў мәселелери бойынша комитети баслығы, Жаслар ислери агентлигиниң Қарақалпақстан Республикасы басқармасы баслығы, *Исши топар басшысы* |
| 2. | Т.Рузметова | Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутаты, Өзбекстан Республикасы «Меҳр-шавкат ва саломатлик» фондының Қарақалпақстан Республикасы аймақлық бөлими директоры |
| 3. | Г.Жоллыбекова | Өзбекстан мәмлекетлик емес, коммерциялық емес шөлкемлери миллий ассоциациясының Қарақалпақстан аймақлық бөлими баслығы |
| 4. | Н.Елибаева | «Исбилермен ҳаял» Өзбекстан исбилермен ҳаяллар ассоциациясының Қарақалпақстан бөлими баслығы |
| **Жәмийетлик комиссия хәм Жәмийетлик фондтың жумысының ашық-айдынлығы хәм жәриялылығын тәмийинлеў, нәтийжели байланысты жолға қойыў, жумысының кең түрде жарытылыўын тәмийинлеў бойынша Исши топары** | | |
| 1. | Н.Матякубова | Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутаты, «Қорақалпоғистон тонги» газетасы бас редакторы, *Исши топар басшысы* |
| 2. | Н.Жақсымуратова | Қарақалпақстан Телерадиокомпаниясының директоры ў.а. |

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңеси жанындағы
Социаллық шериклик бойынша
жәмийетлик комиссияның
2-санлы мәжилис протоколына
3-қосымша

**Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийети институтларының жумысын жедел раўажландырыў, методикалық ҳәм басқа да әмелийлер жәрдем көрсетиў бағдарында нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетларди ислеп шығыў бойынша Исши топар ҳаққында**

# РЕЖЕ

## I. Улыўма қағыйдалар

1. Усы Реже Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиның басқа да институтларының жумысын жедел раўажландырыў, методикалық ҳәм басқа да әмелий жәрдемлер көрсетиў бағдарында нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетларди ислеп шығыў бойынша исши топардың (буннан былай текстте Исши топар деп жүргизиледи) жумысын тәртипке салады.

2. Исши топардың қурамы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы Социаллық шериклик бойынша жәмийетлик комиссиясы (буннан былай текстте Жәмийетлик комиссия деп жүргизиледи) тәрепинен қәлиплестиреди. Исши топардың тийкарғы мақсети мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларының ғәрезсиз ҳәм еркин раўажланыўын тәмийинлеўге көмеклесиў, олар жумысының ҳуқықый ҳәм экономикалық кепилликлерине қаратылған нормативлик-ҳуқықый базаны жетилистирип барыўдан ибарат.

3. Исши топардың қурамы Жәмийетлик комиссия ағзаларынан ибарат болады.

4. Нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлердиң жойбарлары Исши топар тәрепинен зәрүрликке қарап таярланады.

## II. Нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлердиң жойбарларын таярлаўда Исши топардың ўазыйпалары

5. Исши топардың ағзалары нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлердиң жойбарын таярлаў ушын зәрүр болған тийисли билим ҳәм тәжирийбеге ийе болыўы керек. Исши топардың жумысына улыўма басшылық Жәмийетлик комиссия тәрепинен белгиленген Исши топар басшысы тәрепинен әмелге асырылады.

6. Нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлердиң жойбарлары Жәмийетлик комиссия ҳәм оның жанында шөлкемлестирилген басқа да исши топарлардың усынислары тийкарында ислеп шығылады.

7. Исши топар нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлердиң жойбарының сапасына, тийкарланғанлығы ҳәм Жәмийетлик комиссияға өз ўақтында киргизилиўи ушын жуўап береди.

8. Жәмийетлик комиссия нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлердиң жойбарларын, әсиресе олардың тийкарланғанлығы ҳәм әҳмийетлилигин, сондай-ақ олардың әмелдеги нызам ҳүжжетлери нормаларына муўапықлылығын үйренеди.

9. Усынысларды үйрениў шеңберинде Жәмийетлик комиссия төмендеги ҳуқықларға ийе болады:

нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлердиң жойбарлары усы Режеде нәзерде тутылған талапларға сәйкес келемегенде қайта көрип шығыў ушын Исши топарға қайтарыў;

нормативлик-ҳуқықый ҳүжжеттиң жойбарын қабыллаў.

10. Нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлердиң жойбары Жәмийетлик комиссияға оның мәжилисинен кеминде жигирма күн алдын Исши топар тәрепинен киргизиледи.

11. Исши топар тәрепинен нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлердиң жойбарлары төмендеги мағлыўматлар менен бирге Жәмийетлик комиссияға киргизиледи:

нормативлик-ҳуқықый ҳүжжеттиң жойбарын қабыллаў зәрүрлигин тийкарлайтуғын ҳәм күтилип атырған нәтийжелерди өз ишине алатуғын мағлыўмат ҳәм қосымша етилген анализленген ҳүжжет;

нормативлик-ҳуқықый ҳүжжеттиң жойбары қабыл етилиўи мүнәсибети менен өзгертилиўи, толықтырылыўы, өз күшин жойытқан деп есапланыўы ямаса қабыл етилиўи керек болған нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлердиң дизими;

нормативлик-ҳуқықый ҳүжжеттиң жойбарының халықаралық ҳуқықтың улыўма тән алынған принциплери ҳәм нормаларына муўапықлылығы, жетекши сырт еллердиң пуқаралық жәмийетиниң раўажланыўындағы ҳуқықый қатнасықларды тәртипке салыўдың әмелдеги тәжирийбеси, сондай-ақ оның әмелге асырылыўын тәмийинлейтуғын механизмлер.

12. Исши топар төмендеги ўазыйпаларды орынлайды:

мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларының ғәрезсиз ҳәм еркин раўажланыўын тәмийинлеўге көмеклесиў, олардың жумысының ҳуқықый ҳәм экономикалық кепилликлерине қаратылған нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлерди жетилистириў бойынша усыныслар таярлаў;

нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлердиң жойбарларын киргизиў ушын усынысларды таярлаў.

13. Исши топар зәрүрликке қарап Жәмийетлик комиссияға нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлердиң жойбарларына тийисли жумыслардың орынланыўы ҳаққында мәлимлеме киргизиў ҳуқықына ийе.

14. Исши топар ҳәр жылдың жуўмағы бойынша мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларының ҳәмде Жәмийетлик комиссияның жумысын жетилистириў ҳәм нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлерди ислеп шығыў нәтийжелерин улыўмаластырады ҳәм баҳалаў ушын Жәмийетлик комиссияға киргизеди.

## IV. Жуўмақлаўшы қағыйда

15. Бул Реже талаплары бойынша келип шығатуғын тартыслар Жәмийетлик комиссия тәрепинен белгиленген тәртипте шешиледи.

# Мәмлекетлик грант, мәмлекетлик социаллық буйыртпа қаржыларын мақсетли ҳәм нәтийжели сарыплаўдың мониторингин әмелге асырыў бойынша Исши топар ҳаққында РЕЖЕ

## I. Улыўма қағыйдалар

1. Усы Реже Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерин ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа институтларын қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фонды (буннан былай текстте Жәмийетлик фонд деп жүргизиледи) тәрепинен мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, ғалаба хабар қураллары ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларына (буннан былай текстте шөлкемлер деп жүргизиледи) ажыратылған мәмлекетлик грант қаржыларын ақылға сай ҳәм мақсетли сарыплаўдың мониторингин әмелге асырыў тәртибин белгилейди.

2. Усы Режеде төмендеги тийкарғы түсиниклер қолланылады:

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы Социаллық шериклик бойынша жәмийетлик комиссияның (кейинги орынларда Жәмийетлик комиссия) мониторинги бул - Қарақалпақстан Республикасының республика бюджети қаржылары есабынан ажыратылатуғын пул қаржылары ҳәм материаллық ресурслар, соның ишинде мәмлекетлик грантты ақылға сай ҳәм мақсетли пайдаланыўын бақлап (үйрениў) барыў, мағлыўматларды топлаў, есабатларды анализлеў ҳәм тийисли усыныс таярлаў процеси болып табылады.

3. Мәмлекетлик грант - шөлкемлерге социаллық пайдалы мақсетлерге ерисиўге қаратылған жойбарларды әмелге асырыў ушын таңлаў тийкарында Қарақалпақстан Республикасының республика бюджети қаржылары есабынан ажыратылатуғын пул қаржылары ҳәм материаллық ресурслар болып табылады.

4. Мониторинг мағлыўматнамасы - бақлаў (үйрениў) нәтийжеси бойынша таярланатуғын ҳәм тәреплер тастыйықлайтуғын ҳүжжет есапланады.

## II. Мониторинг өткериў тәртиби

5. Жәмийетлик комиссияның мониторинги шөлкемлерге ажыратылған мәмлекетлик грант қаржыларын ақылға сай ҳәм мақсетли пайдаланыўын анықлаў мақсетинде өткериледи.

Жәмийетлик комиссияның мониторинги дәслепки, аралық ҳәм жуўмақлаўшы басқышлардан ибарат болады.

Мониторингти әмелге асырыўшы мәлимлеме-таллаў топарының қурамы (буннан былай текстте Исши топар деп жүргизиледи) Жәмийетлик комиссия тәрепинен қәлиплестиреди.

Исши топардың қурамы Жәмийетлик комиссия ағзалары, Әдиллик ҳәм Финанс министрликлери ҳәм олардың тийисли структуралары, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлердиң, сондай-ақ мәпдар мәкемелердиң ўәкиллеринен ибарат болыўы мүмкин.

Исши топардың ағзалары Жәмийетлик фондтан финанслық қаржылар алған шөлкемлердиң жойбар шеңберинде өткеретуғын илажларында қатнасыў ҳуқықына ийе болады.

Жәмийетлик комиссия ағзаларының бири Исши топардың басшысы функциясын атқарады. Исши топар басшысы мониторинг процесинде исленген жумыслар ҳаққындағы Исши топардың есабатының өз ўақтында сапалы таярланыўына жуўапкер есапланады.

6. Мониторинг үш түрли усылда өткериледи.

а) дәслепки мониторинг - мәмлекетлик грант қаржысын алыў ушын шөлкем тәрепинен буйыртпалар усынылған ўақытта өткериледи;

б) аралық мониторинг - Жәмийетлик комиссияның мәмлекетлик грант қаржысын ажыратыў ҳаққында қарар қабыл етилген ўақыттан баслап қаржыларды сарыплаў мүддетлери тамамланаман дегенше өткериледи;

в) жуўмақлаўшы мониторинг - мәмлекетлик грантты ажыратыў ҳаққындағы шәртнаманың әмел етиў мүддети тамамланғаннан кейин өткериледи.

Буннан тысқары, Жәмийетлик комиссияның тапсырмасына муўапық айырым мәселелер бойынша анализлеў өткерилиўи ямаса Жәмийетлик фонд тәрепинен ажыратылған қаржылардың мақсетли жумсалыўы бойынша аудиторлик тексериў өткерилиўи мүмкин.

Бақлаў (үйрениў) нәтийжелери бойынша Исши топар басшысы мониторинг шеңберинде әмелге асырылған жумыслар бойынша мағлыўматты Жәмийетлик комиссияға усынады.

Титул бетинде төмендеги мағлыўматлар сәўлелендирилиўи керек:

мәмлекетлик грантты алған шөлкемниң атамасы;

мәмлекетлик грантты алыў ушын усынылған жойбардың атамасы;

мәмлекетлик грантты ажыратыў ҳаққындағы қабыл етилген қарардың сәнеси ҳәм номери;

шәртнама дүзилген сәне ҳәм номери, ажыратылған қаржының муғдары;

жойбарды орынлаў мүддети;

бақлаў (үйрениў)лар өткерилген болса (үйрениўшилердиң Ф.А.Ә), оның сәнеси ҳәм нәтийжеси.

Есабатта төмендеги мағлыўматлар көрсетиледи:

жойбарда өткерилиўи режелестирилген илажлардың ҳақыйқаттанда әмелге асырылғанлығы;

жойбарға тартылған шахслардың саны, билим ҳәм тийисли көнликпеге ийе екенлиги;

кең жәмийетшиликтиң жойбарды қоллап-қуўатлаў дәрежесин баҳалаў (соның ишинде, мәмлекетлик уйымлар, ғалаба хабар қураллары, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, халықаралық шөлкемлер, пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтлары);

жойбарды әмелге асырыў жуўмағында ерисилген нәтийже;

жойбар шеңберинде өткерилген илажларға ажыратылған қаржылардың мақсетли сарыпланғанлығы;

жойбарды әмелге асырыўда тастыйықланған бюджетке әмел етилгенлиги;

мәмлекетлик грант есабынан алынған керекли затлар ҳәм басқа да материаллық байлықлардың бар екенлиги, олардың пүтинлиги;

жойбарды әмелге асырыўда анықланған машқалалар;

алдағы ўақытта усыған уқсас жойбарларды әмелге асырыўды және де нәтийжели болыўына қаратылған усыныслар ислеп шығылады.

Мониторинг нәтийжелери Жәмийетлик комиссияның қарары тийкарында белгиленген мүддетте Жәмийетлик комиссияға киргизиледи.

## III. Исши топардың функциялары

7. Исши топардың функциялары төмендегилерден ибарат:

Жәмийетлик комиссияның додалаўына киргизиў ушын мәмлекетлик грантты алған шөлкемлерде олардан ақылға сай ҳәм мақсетли пайдаланыўын бақлаў (үйрениў), мағлыўматларды топлаў, есабатларды анализлеў, улыўмаластырылған аналитикалық мағлыўматларды таярлаў, сондай-ақ, машқалалар анықланған жағдайда оларды сапластырыў бойынша усынислар таярлаў. Бунда бухгалтерия, мийнет ҳәм басқа да нызам ҳүжжетлери талапларына әмел етилиўине айрықша итибар қаратыў;

жойбардың шөлкем уставының мақсети ҳәм ўазыйпаларына ҳәмде шөлкемлестириў ҳүжжетлерине сәйкеслигин анықлаў;

әмелге асырылған мәмлекетлик грант жойбары бойынша басқа шөлкемлерден усындай жойбар ушын қаржылардың алғанлығы ҳәм оның сарыпланыўын бақлаў (үйрениў);

жойбарда белгиленген мүддетлерде илажлардың өткерилгенлиги ҳәм оның нәтийжесин бақлаў (үйрениў);

пуқаралық жәмийети институтларының ҳәр тәреплеме раўажланыўы, өз уставында белгиленген мақсети ҳәм ўазыйпаларды толық нәтийжели орынлаўы, мәмлекетти демократиялық жаңалаў ҳәм модернизациялаўда белсене қатнасыўын ҳуқықый тәмийинлеўге қаратылған илажларды ислеп шығыў ҳәм Жәмийетлик комиссияға киргизиў;

мониторинг нәтийжесинде улыўмаластырылған аналитикалық мағлыўматларды таярлап, Жәмийетлик комиссияға киргизиў;

жойбарды әмелге асырыўға тартылған хызметкерлердиң маманлығын анықлаў;

үгит-нәсиятлаў илажларының ҳақыйқый өткерилгенлигин, оларда тарқатылған материаллар ушын тийисли жуўмақлар алынғанлығын бақлаў (үйрениў).

Сондай-ақ, Исши топар Жәмийетлик комиссияның тапсырмасына муўапық шөлкемлер тәрепинен жойбарды әмелге асырыўға байланыслы басқа да жағдайларды үйренеди.

## IV. Мәмлекетлик грантты алған шөлкемлердиң ҳуқықлары ҳәм миннетлери

8. Мәмлекетлик грантты алған шөлкемлер төмендеги ҳуқық ҳәм миннетлерге ийе болады.

Ҳуқықлары:

мониторинг өткериўге тийкар болыўшы ҳүжжет пенен танысыў;

мониторинг өткерилиўинде өз пикир ҳәм усыныcларын билдириў;

мониторинг өткерилиўинде дәлийллер келтириў, соның менен бирге адвокат хызметинен пайдаланыў;

нызам ҳүжжетлеринде белгиленген басқа да ҳуқықларға ийе болады.

9. Миннетлери:

Исши топарға мониторингти өткериў ушын қолайлы шараятлар жаратып бериў;

Исши топардың сораўы тийкарында тийисли ҳүжжетлер ҳәм басқа да мағлыўматларды усыныў, түсиниклер бериў;

Жәмийетлик комиссия тәрепинен белгиленген ўақыт ҳәм формада Жәмийетлик фондқа анализленген мағлыўмат ҳәм финанслық есабатларды усыныў;

мәмлекетлик грант қаржылары есабынан сатып алынған керекли затлардың ҳәм инвентарьлардың есабы, сақланыўын, пүтинлиги ҳәм мақсетли пайдаланыўын тәмийинлеў шәрт.

## V. Жуўмақлаўшы қағыйдалар

10. Усы Реже талаплары бузылыўында айыплы болған шахслар нызам ҳүжжетлерине муўапық жуўапкер болып табылады.

# Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, ғалаба хабар қураллары ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларының бағдарламасы ҳәм жойбарларының социаллық ҳәмде улыўма әҳмийетин анықлаў бойынша Исши топар ҳаққындағы РЕЖЕ

## I. Улыўма қағыйдалар

1.1. Усы Реже Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы Социаллық шериклик бойынша Жәмийетлик комиссиясы ҳаққындағы Реже ҳәмде Мәмлекетлик грантларды ажыратыўдың тәртиби ҳәм шәртлери ҳаққында Реже ҳәмде Мәмлекетлик социаллық буйыртпаны бериў тәртиби ҳәм шәртлери ҳаққындағы Режеге муўапық ислеп шығылған болып, Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, ғалаба хабар құраллары ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларының бағдарламасы ҳәм жойбарларының социаллық ҳәмде улыўма әҳмийетин анықлаў бойынша Исши топарының (буннан былай текстте Исши топары деп жүргизиледи) жумысын тәртипке салады.

1.2. Исши топар қурамы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы Социаллық шериклик бойынша Жәмийетлик комиссиясы (буннан былай текстте Жәмийетлик комиссия деп жүргизиледи) ағзалары арасынан Жәмийетлик комиссияның қарары менен қәлиплестириледи.

1.3. Төмендегилер Исши топардың тийкарғы ўазыйпалары болып есапланады:

усынылған жойбарларды сайлаў, олардың таңлаў мақсетлерине муўапықлылығын ҳәмде социаллық ҳәм улыўма әҳмийетлилигин анықлаў;

белгиленген критериялар бойынша балл бериў арқалы жойбарларды дәслепки тәризде баҳалаў;

басқаларға қарағанда ең жоқары балл топлаған жойбарлардың дизимин қәлиплестириў ҳәм олар бойынша усынысты Жәмийетлик комиссияға усыныў.

## II. Жойбарларды сайлаў ҳәмде олардың социаллық ҳәм улыўма әҳмийетин анықлаў критериялары

2.1. Жойбарларды сайлаў ҳәмде олардың социаллық ҳәм улыўма әҳмийетин анықлаў критериялары Мәмлекетлик грантларды ажыратыў тәртиби ҳәм шәртлери ҳаққындағы Реже ҳәмде Мәмлекетлик социаллық буйыртпаны бериў тәртиби ҳәм шәртлери ҳаққындағы Режеге муўапық белгиленеди.

Атап айтқанда, Исши топар төмендеги бағдарлар бойынша ислеп шығылған критериялар тийкарында жойбарларды баҳалайды:

талабан шөлкемниң шөлкемлестириўшилик жумысының нызам ҳүжжетлерине ҳәм таңлаў мақсетлерине муўапықлылығы;

талабан шөлкемниң жетерли ресурс базасына ийе екенлиги;

жойбардың социаллық әҳмийети, оның таңлаў шәрти ҳәм мәмлекетлик уйым буйыртпасы талапларына муўапықлылығы, мағлыўматлардың тийкарланғаны ҳәм ҳақыйқыйлығы;

жойбарды әмелге асырыўда социаллық шерикликтиң нәзерде тутылыўы;

жойбар бюджетиниң жойбардың мазмунына муўапықлылығы ҳәм оның тийкарланғанлығы.

2.1.1. Талабан шөлкемниң шөлкемлестириўшилик жумысы нызам ҳүжжетлерине ҳәм таңлаў мақсетлерине муўапықлылығы төмендегилер менен белгиленеди:

талабан шөлкемниң юридикалық шахс сыпатында мәмлекетлик дизимнен өткенлиги, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымының есапқа алынғанлығы;

ғалаба хабар қуралының Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме ҳәм ғалаба коммуникациялар басқармасында дизимге алынғанлығы (ғалаба хабар қураллары ушын);

талабан шөлкемниң тийисли лицензияға ийе екенлиги, лицензияның әмел етиў мүддетиниң өтпегенлиги (лицензияланатуғын жумыс ушын);

талабан шөлкемниң сапластырылмағаны ямаса сапластырыў процесинде турмағанлығы;

талабан шөлкемниң мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, ғалаба хабар қураллары, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳәм басқа да пуқаралық жәмийети институтлары системасына кириўи;

жойбарды әмелге асырыўшы талабан шөлкемниң уставы (режеси) талапларына муўапықлылығы;

талабан шөлкемниң жумысында оған мәмлекетлик грантты ажыратыў, мәмлекетлик социаллық буйыртпаны бериў ушын тосқынлық етиўши нызамбузыўшылық жағдайларының жоқ екенлиги.

Бул бәнтте көрсетилген жағдайлар талабан шөлкем усынған шөлкемлестириў ҳүжжетлери, гүўалықлар, лицензиялардың нусқалары, сондай-ақ Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министрлиги, Қарақалпақстан Республикасы Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў министрлиги, Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме ҳәм ғалаба коммуникациялар басқармасы ҳәмде басқа да шөлкемлерден алынған мағлыўматлар тийкарында үйренип шығылады.

2.1.2. Талабан шөлкемниң жетерли дәрежеде ресурс базасына ийе екенлиги төмендегилер менен белгиленеди:

өткен үш жыл даўамында таңлаўларда жеңимпаз болмаған талабан шөлкемниң жойбарында соралып атырған пул қаржылары ямаса материаллық ресурслар улыўма суммасының 10 процентинен кем болмаған муғдардағы жеке ямаса шериклер үлесиниң бар екенлиги;

өткен үш жыл даўамында таңлаўларда бир мәрте жеңимпаз деп табылған ҳәм екинши мәрте таңлаўда қатнасып атырған талабан шөлкемниң жойбарында соралып атырған пул қаржылары ямаса материаллық ресурслар улыўма суммасының 20 процентинен кем болмаған муғдардағы жеке ямаса шериклер үлесиниң бар екенлиги;

өткен үш жыл даўамында таңлаўларда еки мәрте жеңимпаз деп табылған ҳәм үшинши мәрте таңлаўда қатнасып атырған талабан шөлкемниң жойбарында соралып атырған пул қаржылары ямаса материаллық ресурслар улыўма суммасының 30 процентинен кем болмаған муғдардағы жеке ямаса шериклер үлесиниң бар екенлиги;

өткен үш жыл даўамында таңлаўларда жеңимпаз деп табылып, үш ҳәм оннан көп мәрте мәмлекеттиң экономикалық жәрдемин алған талабан шөлкемниң жойбарында соралып атырған пул қаржылары ямаса материаллық ресурслар улыўма суммасының 50 процентинен кем болмаған муғдардағы жеке ямаса шериклер үлесиниң бар екенлиги.

Бул бәнтте көрсетилген жағдайлар талабан шөлкемниң арзасы (буйыртпасы/талапнамасы)ндағы көрсеткишлер, соның ишинде талабан шөлкем, оның шериклериниң материаллық ҳәм метериаллық емес үлеси (қаратылып атырған қаржы ҳәм ресурс муғдары) ҳаққында көрсетилген мағлыўматлар тийкарында үйренип шығылады.

2.1.3. Жойбардың социаллық әҳмийети, оның таңлаў шәрти ҳәм мәмлекетлик уйым буйыртпасы талапларына муўапықлығы, мағлыўматлардың тийкарланғанлығы ҳәм ҳақыйқыйлығы төмендегилер менен белгиленеди:

жойбардың мақсети ҳәм ўазыйпасы таңлаў атамасына ҳәмде таңлаў бағдарларының бирине муўапықлылығы;

жойбардың мәмлекетлик уйым буйыртпасы талапларына муўапықлылығы (мәмлекетлик социаллық буйыртпа ушын);

усынылған жойбардың социаллық әҳмийетлилиги;

жойбар шеңберинде көтерилген әҳмийетли мәселени шешиў механизминиң анық көрсетилгенлиги;

жойбарды әмелге асырыў социаллық-экономикалық раўажландырыў бағдарламаларының, атап айтқанда, тармақ ҳәм аймақлық бағдарламалардың орынланыўына көмеклесиўи;

жойбарды талабан шөлкем тәрепинен әмелге асыра алыў имканиятының реаллығы;

жойбарды әмелге асырыўдың өними, оның нәтийжеси ҳәм социаллық тәсири, күтилип атырған нәтийжениң сапасы ҳәм муғдары.

Бул бәнтте көрсетилген жағдайлар талабан шөлкемниң арзасында (буйыртпасы/талапнамасы) көрсетилген жойбардың мазмуны, мақсети, ўазыйпасы ҳәм басқа да мағлыўматлар, көрсеткишлер тийкарында үйренип шығылады, жойбар социаллық-экономикалық раўажландырыў бағдарламалары менен салыстырылады ҳәмде Исши топардың тийисли ағзасының ишки кәмил исеними бойынша баҳаланады.

2.1.4. Жойбарды әмелге асырыўда социаллық шерикликтиң нәзерде тутылыўы төмендегилер (төмендегилердиң бири) менен белгиленеди:

жойбар шеңберинде социаллық-экономикалық раўажландырыў бағдарламаларын, нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлерди ислеп шығыў ҳәмде әмелге асырыўда қатнасыўдың нәзерде тутылғанлығы;

жойбар шеңберинде мәмлекетлик шөлкемлер жанындағы исши топарлар, комиссиялар ҳәм жәмийетшилик-мәсләҳәт шөлкемлери жумысында қатнасыўдың нәзерде тутылғанлығы;

жойбар шеңберинде мәмлекетлик шөлкемлер менен биргеликте илажлар, мәсләҳәтлесиўлер ҳәм өзара сәўбетлесиўлер өткериўдиң нәзерде тутылғанлығы;

жойбар шеңберинде мәмлекетлик шөлкемлер менен социаллық шериклик ҳаққындағы питим ҳәм шәртнамаларды дүзиў, биргеликтеги жойбар ҳәм режелерди ислеп шығыў ҳәмде әмелге асырыўдың нәзерде тутылғанлығы;

жойбар шеңберинде мәмлекетлик шөлкемлер менен оқыў-методикалық, мәлимлеме, мәсләҳәт ҳәм шөлкемлестириўшилик тәрептен өз-ара қоллап-қуўатлаў ҳәмде мәлимлеме алмаслаў системасының нәзерде тутылғанлығы.

Бул бәнтте көрсетилген жағдайлар талабан шөлкемниң арзасында (буйыртпасы/талапнамасы) ҳәм мәмлекетлик уйымның буйыртпасында көрсетилген мағлыўматлар, сондай-ақ, талабан шөлкем қосымша түрде усыныс еткен мәпдар мәмлекетлик шөлкемлердиң усыныснамалары, қоллап-қуўатлаў хатлары тийкарында үйренип шығылады.

2.1.5. Жойбар бюджетиниң жойбардың мазмунына муўапықлылығы ҳәм оның тийкарланғанлығы төмендегилер менен белгиленеди:

жойбардың смета қәрежетлери мақсетли ҳәм тийкарланып дүзилгенлиги, артықша қәрежетлерге жол қойылмағанлығы;

жойбарды орынлаўшылардың мийнетине төленетуғын ҳақы, материаллық-техникалық базасын беккемлеўге бағдарланған қаржы ҳәм басқа да қәрежетлердиң (байланыс, коммуналлық хызмет, сапар ҳәм банк қәрежетлери) жыйындысы соралған грант қаржысы жәми суммасының белгиленген тәртипте 40 процентинен көп емеслиги (яғный, тийкарғы қаржының социаллық ҳәм улыўмалық әҳмийетке ийе мақсетлерге жумсалғанлығы).

Бул бәнтте көрсетилген жағдайлар талабан шөлкемнин арзасында (буйыртпасы/талапнамаси) көрсетилген жойбардың улыўма бюджети ҳәм басқа да мағлыўмат ҳәм көрсеткишлер тийкарында үйренип шығылады.

2.2. Жойбарлардың таңлаў мақсетлерине муўапықлылығын ҳәм олардың социаллық ҳәм улыўма әҳмийетин анықлаўда Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерин ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа институтларын қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фонды (буннан былай текстте Жәмийетлик фонд деп жүргизиледи) тәрепинен таярланған анализленген мағлыўматнамада үйренип шығылады.

## III. Исши топардың жумысын шөлкемлестириў тәртиби

3.1. Исши топардың жумысы, оның ағзаларының тең ҳуқықлылығы, жойбарлардың ҳәр тәреплеме ҳәм толық көрип шығылыўы ҳәм жойбарларды баҳалаўда қалыслық принциплерине тийкарланады.

3.2. Исши топар мәжилислери зәрүрликке қарап Исши топар басшысы тәрепинен шақырылады. Сондай-ақ, Исши топар ағзаларының кеминде 2/3 бөлегиниң талабы менен Исши топардың мәжилиси шақырылыўы мүмкин.

Исши топардың ағзалары мәжилиске қатнасыўы шәрт. Кеширимли себеплер менен қатнаса алмайтуғын ағзалар бул ҳаққында алдыннан жазба ямаса аўызша түрде Исши топар басшысына хабар бериўи керек.

Исши топар ағзаларының ярымынан көби қатнасқанда мәжилис ўәкилликли есапланады. Мәжилиске Исши топар басшысы, ол болмағанында топар ағзаларынан бири басшылық етеди.

Қарарлар мәжилисте қатнасып атырған Исши топар ағзаларының көпшилигиниң даўысы менен қабыл етиледи.

3.3. Исши топар ҳәр бир жойбарды көрип шығып, оны белгиленген критериялар тийкарында социаллық ҳәм улыўма әҳмийетин анықлайды ҳәм баҳалайды. Баҳалаў ҳәр бир критерия бойынша "5" баллы система тийкарында усы Режеге қосымшаға муўапық Исши топар ағзалары тәрепинен әмелге асырылады.

Исши топар ағзалары өз-ара жыйналған ҳалда ямаса топар ағзасының қәлеўи бойынша индивидуал тәризде баҳалаў жумысларын әмелге асырыўы мүмкин.

Исши топардың баҳалаў жумысларын нәтийжели ҳәм сапалы әмелге асырыў мақсетинде тийисли қәниге ҳәм экспертлерди тартыўы мүмкин. Бирақ, жойбарға берилген баҳаның (балл) дурыслығы ушын жуўапкершилик Исши топардың тийисли ағзасының жуўапкершилигинде қалады.

3.4. Исши топар жойбарлардың социаллық ҳәм улыўма әҳмийетин анықлағаннан кейин басқаларға салыстырғанда ең жоқары балл топлаған жойбарлар бойынша өзиниң усынысын таярлайды.

Исши топардың усынысына оның ағзалары тәрепинен қол қойылады. Исши топар ағзалары өзлериниң қарсылығын ҳәм усынысларын жазып қалдырыўы ямаса оларды қосымша етиўи мүмкин.

Исши топар усынысты көрип шығыў ушын тийисли тәртипте Жәмийетлик комиссияға усынады.

## IV. Жуўмақлаўшы қағыйдалар

4.1. Исши топар ағзалары жәмийетшилик тийкарында жумыс алып барады. Исши топардың жумысын шөлкемлестириўшилик-техникалық тәрептен тәмийинлеў Жәмийетлик комиссия белгилеп берген тәртип ҳәм шәртлер тийкарында Жәмийетлик фонд тәрепинен әмелге асырылады.

4.2. Исши топардың жумысындағы тартыслар нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте шешиледи.

Тартыслы мәселелер, соның ишинде жойбарларды баҳалаў жумысларында топар ағзаларының бирден-бир пикирге келе алмаў жағдайлары Исши топар ҳәм (ямаса) Жәмийетлик комиссияның мәжилислеринде көрип шығылыўы мүмкин.

**Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерди, ғалаба хабар қураллары ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў бойынша қарарлар, түсиндириўлер, мәлимлеме-таллаў мағлыўматларды таярлаў ҳәм олардың жумысын еркинлестириў бойынша Исши топары ҳаққында**

**РЕЖЕ**

## I. Улыўма қағыйдалар

1. Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерди, ғалаба хабар қураллары ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў бойынша қарарлар, түсиндириўлер, мәлимлеме-таллаў мағлыўматларды таярлаў ҳәм олардың жумысын еркинлестириў бойынша Исши топары (буннан былай текстте Исши топар деп жүргизиледи) Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы Социаллық шериклик бойынша Жәмийетлик комиссиясының (буннан былай текстте Жәмийетлик комиссия деп жүргизиледи) жумысын нәтийжели шөлкемлестириў мақсетинде Жәмийетлик комиссияның қарары менен қәлиплестириледи.

2. Исши топардың жумысы мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, ғалаба хабар қураллары ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтлары ҳәмде атқарыўшы уйымлар арасындағы шерикликти тереңлестириў бойынша усынысларды улыўмаластырыўға, социаллық шерикликти нәтийжели шөлкемлестириўге ҳәм таңлаўлар өткериў бойынша усынысларды ислеп шығыўға қаратылған.

3. Исши топар өз жумысында Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикалары Конститусиялары ҳәм нызамларына, Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманлары, қарарлары ҳәм бийликлерине, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси палаталарының қарарлары ҳәм басқа да ҳүжжетлерине, Министрлер Кабинетиниң қарарлары ҳәм бийликлерине, Қарақалпақстан Республикалары Жоқарғы Кеңесининиң қарарлары ҳәм бийликлерине, сондай-ақ усы Режеге әмел етеди.

4. Исши топар өз жумысын Жәмийетлик комиссияның басқа да исши топарлары, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерин ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа институтларын қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фонды (буннан былай текстте Жәмийетлик фонд деп жүргизиледи), жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары, жәмийетлик ҳәм басқа да шөлкемлер менен биргеликте әмелге асырады.

## II. Исши топардың мақсети ҳәм ўазыйпалары

5. Исши топардың тийкарғы ўазыйпалары төмендегилерден ибарат:

мәмлекетти социаллық-экономикалық раўажландырыў бағдарламаларын, сондай-ақ тармақлық, аймақлық бағдарламаларды ислеп

шығыў ҳәм әмелге асырыўда мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, ғалаба хабар қураллары ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларының кең қатнасыўын тәмийинлеўге қаратылған илажлардың әмелге асырылыўын үйрениўди шөлкемлестириў;

мәмлекетлик уйымлар, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, ғалаба хабар қураллары ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларының социаллық шерикликти тереңлестириў бойынша, әсиресе мәмлекетлик пуқаралық институтларын белсенди қоллап-қуўатлаўға мүтәж болған тараўларда усынысларды улыўмаластырыў ҳәм Жәмийетлик комиссияға усыныў;

Жәмийетлик фонд таңлаўларын өткериў бойынша усыныслар ислеп шығыў;

мәмлекетти социаллық-экономикалық раўажландырыўдың әҳмийетли мәселелерин шешиўде пуқаралық жәмийетиниң түрли институтларының ролин арттырыўға қаратылған илажларды ислеп шығыў ҳәм әмелге асырыў бойынша жумысларды шөлкемлестириў.

6. Исши топар өзине жүкленген ўазыйпаларды орынлаў ушын төмендеги функцияларды әмелге асырады:

өзине жүкленген ўазыйпаларды орынлаў шеңберине киретуғын мәселелер бойынша мағлыўматларды топлаў ҳәм улыўмаластырыўды әмелге асырады;

Жәмийетлик комиссияға социаллық шерикликти тереңлестириў бойынша түскен усынысларды үйренеди ҳәм олар бойынша Жәмийетлик комиссияның ағзалары, мәмлекет уйымлар ҳәм жәмийетлик шөлкемлер ушын тийисли материалларды таярлайды;

Жәмийетлик комиссияның ағзалары тәрепинен көрип шығыў ушын социаллық шериклик бойынша аналитикалық, мәлимлеме ҳәм басқа да материалларды таярлайды;

Исши топар ўәкиллигине киретуғын мәселелерге байланыслы нызам жойбарлары бойынша усыныслар ислеп шығыў ҳәм белгиленген тәртипте Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине усыныўда Жәмийетлик комиссияға көмеклеседи;

Жәмийетлик комиссияның оның ўәкиллигине киретуғын мәселелер бойынша қарарлар жойбарларын таярлаўда қатнасады.

Исши топарға жүкленген басқа да функцияларды белгиленген тәртипте әмелге асырады.

## III. Исши топардың ҳуқықлары ҳәм жуўапкершилиги

7. Исши топар оған жүкленген мәселелер ҳәм ўазыйпаларды орынлаў ушын төмендеги ҳуқықларға ийе:

Жәмийетлик комиссияда көрип шығылатуғын мәселелерди анализлеў ҳәм таярлаў ушын зәрүр болған материаллар ҳәм мағлыўматларды белгиленген тәртипте сорап алыў ҳәм алыў;

мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, ғалаба хабар қураллары ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларының басшылары ҳәм ўәкиллери қатнасыўында додалаўлар, ушырасыўлар ҳәм басқа да мәсләҳәтлесиў илажларын өткериў;

Жәмийетлик комиссия, жергиликли мәмлекет ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары, жәмийетлик ҳәм мәмлекет шөлкемлердиң мәжилислеринде қатнасыў;

зәрүр жағдайларда Жәмийетлик комиссияда көрип шығылатуғын мәселелерди ислеп шығыў ушын белгиленген тәртипте мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары, илимий мәкемелер, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, ғалаба хабар қураллары ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларының басшылары ҳәм қәнигелерин тартыў, олардың қатнасыўында тийисли мәселелер бойынша ўақытша Исши топарлар дүзиў.

Исши топардың зәрүр материаллар, мағлыўматлар усыныў, сондай-ақ Жәмийетлик комиссияның қарарлары ҳәм басқа да ҳүжжетлери жойбарларын жуўмақлаў бойынша талаплары оның белгиленген мүддетлерде орынланыўы керек.

8. Исши топар төмендегилерге жуўапкер:

өзине жүкленген ўазыйпаларды өз ўақтында, дурыс ҳәм нәтийжели орынлаўы ушын;

Жәмийетлик комиссияға киргизилген ҳүжжетлер, усыныслар ҳәм мәселелердиң сапалы экспертлик тийкарында ислеп шығылыўын шөлкемлестириў ушын.

## IV. Исши топардың қурамы

9. Исши топардың қурамы Жәмийетлик комиссия ағзалары арасынан қәлиплестириледи.

Исши топар қурамына төмендегилер киреди:

Исши топар басшысы;

Исши топар ағзалары.

10. Исши топардың атамасы Жәмийетлик комиссияның тийисли қарары менен тастыйықланады. Жәмийетлик комиссияның қарарына муўапық Исши топар қурамы кеңейтилиўи мүмкин.

## V. Исши топардың жумысын шөлкемлестириў

11. Исши топардың жумысы «Социаллық шериклик ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасының Нызамы, Жәмийетлик комиссияның Регламенти, усы Реже, сондай-ақ Жәмийетлик комиссияның ис режелери тийкарында шөлкемлестириледи.

12. Исши топардың басшысы:

Исши топарға тиккелей басшылық етеди, оның ағзаларының жумысын шөлкемлестиреди хәм Исши топарға жүкленген ўазыйпалар хәм функциялардың орынланыўы ушын жуўапкер болады;

Исши топардың ўәкиллигине киретуғын мәселелер бойынша Жәмийетлик комиссияға киргизилетуғын усынысларды көрип шығыўда миллий мәплерге әмел етилиўин тәмийинлейди, олардың экспертлик жумысын шөлкемлестиреди;

Исши топардың ўәкиллигине киретуғын мәселелер бойынша Жәмийетлик комиссияның, мәмлекетлик уйымлар хәм жәмийетлик шөлкемлердиң мәжилислеринде қатнасады.

13. Исши топар басшысы ўақтынша болмаған жағдайда, оның ўазыйпалары Исши топар басшысы тәрепинен белгиленетуғын Исши топар ағзаларынан бири тәрепинен әмелге асырылады.

14. Исши топар ағзалары:

Исши топар ўәкиллигине киретуғын мәселелер бойынша усыныслар хәм мәлимлеме-таллаў хәм басқа да материалларды таярлаўдың сапасы, исенимлилиги хәм өз ўақтында орынланыўы ушын жуўапкер болады;

Жәмийетлик комиссия хәм Жәмийетлик фонды, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият хәм басқарыў уйымлары, жәмийетлик хәм басқа да шөлкемлердиң ўәкиллери тәрепинен берилген усыныслар, мәлимлеме хәм басқа да материалларды хәр тәреплеме анализлеп, олар бойынша зәрүр аналитикалық материалларды хәм экспертлик усынысларды таярлайды;

Жәмийетлик комиссия хәм Жәмийетлик фонды, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият хәм басқарыў уйымлары, жәмийетлик хәм басқа да шөлкемлердиң мәжилислеринде оған жүкленген мәселелер бойынша белгиленген тәртипте қатнасады;

мәмлекетлик ҳәкимият хәм басқарыў уйымлары, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, ғалаба хабар қураллары хәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларының басшылары хәм ўәкиллери қатнасыўында пуқаралық институтларын финанслық қоллап-қуўатлаў системасын және де раўажландырыў, мәмлекетти социаллық-экономикалық раўажландырыўдың әҳмийетли мәселелерин шешиўде олардың қатнасыўын кеңейтиў бойынша усыныслар ислеп шығыў хәм мәлимлеме-таллаў материалларын таярлаў мақсетинде додалаўлар, ушырасыўлар хәм басқа мәсләҳәтлесиў илажларын шөлкемлестиреди.

Исши топардың басшысы тапсырмасына муўапық басқа да функцияларды әмелге асырады.

## VI. Жуўмақлаўшы қағыйдалар

15. Исши топар Жәмийетлик комиссияның қарарына муўапық тарқатылыўы мүмкин.

16. Исши топар тарқатып жиберилгеннен соң, ол тәрепинен ислеп шығылған ҳүжжетлер Жәмийетлик комиссияға тапсырылыўы керек.

# Жәмийетлик комиссия хәм Жәмийетлик фондтың жумысының ашық-айдынлығын хәм жәриялылығын тәмийинлеў, нәтийжели байланысты жолға қойыў, жумысын кең түрде жарытылыўын тәмийинлеў бойынша Исши топардың РЕЖЕСИ

## I. Улыўма қағыйдалар

1.1. Усы Реже Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы Социаллық шериклик бойынша жәмийетлик комиссиясының Регламентине муўапық ислеп шығылған болып, Жәмийетлик комиссия хәм Жәмийетлик фондтың жумысының ашық-айдынлығын хәм жәриялылығын тәмийинлеў, нәтийжели байланысты жолға қойыў, жумысын кең түрде жарытылыўын тәмийинлеў бойынша Исши топардың (буннан былай текстте Исши топар деп жүргизиледи) жумысын тәртипке салады.

1.2. Исши топар қурамы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы Социаллық шериклик бойынша жәмийетлик комиссиясы (буннан былай текстте Жәмийетлик комиссия деп жүргизиледи) ағзалары арасынан Жәмийетлик комиссияның шешими менен қәлиплестиреди.

## II. Исши топардың ўазыйпалары

2.1. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерин хәм пуқаралық жәмийетиниң басқа институтларын қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фонды (буннан былай текстте Жәмийетлик фонд деп жүргизиледи) тәрепинен мәмлекетлик бағдарламаларда белгиленген ўазыйпаларды әмелге асырыўға мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерин кең тартыў мақсетинде мәмлекетлик грант, мәмлекетлик социаллық буйыртпа бериў ушын жәрияланған таңлаўлар ҳаққында тийисли видео хәм радиороликлар таярлаўға көмеклеседи.

2.2. Жәрияланған таңлаўлардың ғалаба хабар қуралларында медиа жоба тийкарында жайластырылыўы хәм белгиленген мүддетлерде баспадан шығарылыўы, эфирге узатылыўын бақлап барады.

2.3. Жәмийетлик фонд таңлаўларына мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, пуқаралық жәмийетиниң басқа институтлары хәм ғалаба хабар қуралларынан келип түскен жойбар хәм бағдарламалардың Жәмийетлик комиссияның нормативлик ҳүжжетлери талапларына сәйкеслиги, социаллық әҳмийетин анықлаў хәм баҳалаў, көрип шығылған жойбарлар бойынша мәлимлеме, аналитикалық хәм статистикалық есабатлар таярлаў, қаржыларды ақылға сай хәм нәтийжели бөлистириў процеслерин ғалаба хабар қуралларында үзликсиз жарытып барылыўын тәмийинлейди.

2.4. Мәмлекетлик социаллық буйыртпалар, мәмлекетлик грантлар жеңимпазлары жойбарларының мақсети хәм мазмуны ҳаққында ғалаба хабар қуралларында кең үгит-нәсиятлаў жумысларын шөлкемлестиреди.

2.5. Жәмийетлик комиссия ҳәм Жәмийетлик фондтың жумысы ҳаққындағы мәселелерди талқылаўда жәмийетшиликтиң қатнасыўы ҳәм усы процеслердиң ғалаба хабар қуралларында жарытылыўын тәмийинлейди.

2.6. Жәмийетлик комиссия ҳәм Жәмийетлик фондтың жумысы ҳаққында есабатлар ҳәм басқа да ҳүжжетлерди таярлайды.

2.7. Жәмийетлик комиссияға белгиленген ўазыйпалардың орынланыўы ҳаққында мәлимлеме ҳәм усыныслар киргизип барады.

2.8. Жәмийетлик комиссияның қарары менен Исши топар жуўапкершилигине басқа да ўазыйпалар жүклениўи мүмкин.

## III. Исши топардың жумысын шөлкемлестириў

3.1. Исши топардың жумысын шөлкемлестириўде оның ағзалары тең ҳуқықлы болып есапланады.

3.2. Исши топардың мәжилислери зәрүрликке қарап Исши топар басшысы тәрепинен шақырылады.

3.3. Исши топардың барлық ағзалары мәжилисте қатнасыўы шәрт (кеширимли себеплер буннан тысқары).

3.4. Исши топардың ағзалары усы Режеде белгиленген ўазыйпаларды ғалаба хабар кураллары менен шериклик жумысларын төмендеги тәртипте әмелге асырады:

электрон ғалаба хабар қураллары менен жумысларды шөлкемлестириў;

баспа ҳәм Интернет баспалары менен жумысларды шөлкемлестириў;

Жәмийетлик комиссия ҳәм Жәмийетлик фондтың жумысының ашық-айдынлығын ҳәм жәриялылығын тәмийинлеў ҳәмде олар тәрепинен усынылған материаллардың ғалаба хабар қуралларында сәўлелендирилиўин бақлап барыў жумысларын шөлкемлестириў.

Исши топардың ҳәр бир ағзасы өзине бириктирилген бағдар бойынша жумысларды нәтийжели ҳәм сапалы әмелге асырыў мақсетинде тийисли қәнигe ҳәм экспертлерди тартыўы мүмкин.

3.5. Исши топар Жәмийетлик комиссия ҳәм Жәмийетлик фонд тәрепинен жәриялаўға усыныс етилген материалларды редакторлаў ҳуқықына ийе.

## IV. Жуўмақлаўшы қағыйдалар

4.1. Исши топар ағзалары жәмийетшилик тийкарында жумыс алып барады. Исши топардың жумысын шөлкемлестириўшилик-техникалық жақтан тәмийинлеў Жәмийетлик комиссия белгилеп берген тәртип ҳәм шәртлер тийкарында Жәмийетлик фонд тәрепинен әмелге асырылады.

4.2. Усы Реже талаплары әмелдеги нызамшылық шеңберинде орынланыўына Исши топар ағзалары жуўапкер болып табылады.